*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 34-35 (7352-53) РУЗМАН 22 сентябрь 2023 сон

12+

## *Барки*




***РакI-ракIалъго къабул гьабе Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул Къо барки!***

***15 сентябралда нилъер республикаялъ кIодо гьабулеб буго аслиял пачалихъиял байрамаздаса цояб. Гьеб буго кIвар цIикIкIараб тарих, жибги лъугьараб халкъазул цолъиялъул гIаламатлъун ва нилъерго умумаздаса чIухIилъун.***

***Халкъазул цолъи буго цIакъ къимат цIикIкIараб иш, гьеб ккола ракълилаб ва рахIатаб гIумруялъе, гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда гIемермиллатазул ва гIемерконфессионалияб республика цебетIезабиялъе къучIлъун, гьенир ругел гIемерал гIадатал, сукIелал ва хаслъабиги хIисабалде росун. Нилъ къуватал рукIине руго – нилъ цолъун ругони!***

***Хириял ракьцоял! ГIумруялде рахъаги нужер ракIазда ругел анищал ва мурадал, гьалмагълъун ккайги божи бугел, гIакълуцоял гIадамал. Гьарула нужер рокъосезе рекъел ва битIккей, ракIал чIухIиялдалъун цIеги республикаялъул ва районалъул деретIеяздаса!***

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер М. ГI. МУХIАМАДОВ*

## Призывалъулаб комиссиялъул данделъи

Районалъул администрациялъул данделъабазул залалда муниципалитеталъул бетIер, районалъул призывалъулаб комиссиялъул председатель МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана районалъул призывалъулаб комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул прокурор Запир МухIамадовас, ЧIарада районалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул начальник МусахIажи Саламовас, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, гьединго росабазул поселениязул бутIруз ва ВУСазул хIалтIухъабаз.




Данделъаразе саламги кьун, районалъул бетIерас баян гьабуна байбихьизе бугеб хасалил призывалъулаб кампаниялъул ва данделъиялда рихьизаруна рагъулаб хъулухъалде гражданал хIадурлъиялъул аслиял суалал.

«Жакъасеб къоялда улкаялда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, нижер аслияб масъала ккола призывалъулаб кампаниялде хIадурлъи ва тIадегIанаб даражаялда гьеб тIобитIи. Гьединлъидал аслияб кIвар кьезе хIажат буго гIуцIиялъул суалазде, гьелги ккола повесткаби рикьи, сборнияб пункталде призывникал рачIинари, рагъулаб хъулухъалдаса рахчулел гражданал тIатинари. Призывниказе ва гьезул эбел-инсуе бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабизе ккела тIадал специалистаз», - ян абуна МухIидин МухIамадовас.

Районалъул прокурорас лъазабуна поселениязул бутIрузул ва ВУСазул хIалтIухъабазул аслияб масъалалъун кколин призывниказда жиндир заманалда лъазаби ВВК гьабизе ккеялъул ва призывалде рачIине кколел гражданазда бичIчIизабизе повестка кьун хадуса призывалъул пунктaлде рачIинчIони – гьеб

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

## Семинар-совещание

Райадминистрациялда тIобитIана районалъул учреждениязул бухгалтерал гIахьаллъун семинар-совещание. Гьениб гьоркьор лъурал суалал рукIана районалъул консолидированнияб бюджеталъул хайирияl бутIаби цIикIкIинаризе ккеялъул.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас гIахьаллъаразе баян гьабуна 2023 соналъул 1 сентябралде бюджеталде тIаде рачIунел хайирал планалда рекъон тIуразарун ругеб куцалъул.

«Планалъулал рихьизарияl тIуразарун руго 53,7 процентaлъ. Гьеб ккола бюджеталъул гIуцIабазул нухмалъулез ва бухгалтераз хIалтIи гIураб къадаралда гьабун гутIи», - ян лъазабуна заместителас.

Росдал магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас данделъаразда бичIчIизабуна ДРялъул №10 МИФНСалъгун цадахъаб хIалтIи гьабизе ккеялъул.

Налогазул гIадлу-низам хвезабуразе гьабулеб тамихIалъул бицана счетнияб палатаялъул председатель МахIмуд МухIамадовас.

Ахиралда гIахьаллъарал ахIана унеб хIисаб кьей рукIалиде ккезабизе ва сентябралъул ахиралде 100 проценталъулаб тIубазаби букIинабиялде.

## КъвакIараб хъизан – къвакIараб пачалихъ

ЧIарада районалда тIобитIана «КъвакIараб хъизан – къвакIараб пачалихъ» абураб темаялда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул Къо кIодо гьабураб тадбир. Гьеб гIуцIана ЗАГСалъул отделалъул специалистаз.

Тадбир байбихьана ДРялъул гимналъухъ гIенеккиялдаса ва гIахьаллъаразда байрам баркиялдаса. Данделъаразе баян гьабуна лъимал гIезариялъе ва гьезие лъикIаб тарбия щвеялъе къвакIараб хъизаналъул бугеб кIвараlъул, гьединго хъизан цIуниялъул борхатаб къиматалъул ва моралияl рахъазулги бицана.

Хадуб миллияб ретIел ретIарал культураялъул хIалтIухъабаз бихьизабуна бертадул гIадатазул магIнаяб инсценировка.

Цинги бертадулаб маршалда гьоркь байрамалъулаб къагIидаялда тIобитIараб столалда нахъа гIодор чIезе ахIана 7 хъизаналъулаб юбилей бугеб жут. Гьезда гьоркьор рукIана 40 соналъ цадахъ гIумру гьабурал Сиражудиновазул хъизан, 35 соналъ – МухIамадовазул, 30 соналъ – Мирзаевазул, 25 соналъ – МухIамадовазул, 20 – соналъ МустIапаевазул, 15 соналъ – МухIамадовазул ва 10 соналъ АхIматIиловазул «Бертадул гIадатал» абураб сценкаялъ бичIчIизабуна умумузул гIадатал цIунизе ккеялъул бугеб кIвар», - ян




хъизанал.

ЗАГСалъул отделалъул бетIерай специалист ГIайшат Халиловалъ бицана щибаб хъизаналъул ругел бергьенлъабазул, кьуна сайгъатал ва гьезул цIарал тIад хъварал открыткабиги.

«Жакъа нижеда рихьулел руго хъизанал риххиялъул гIемерал хIужжаби. Гьелъ цIакъ рахIатги хвезабулеб буго. Дагълъун буго хъизаналъул институталъул ва къимат. Гьаниб культураялъул хIалтIухъабаз бихьизабураб

абуна ГIайшатица.

Жидерго хъизаналъул хъвай-хъвагIай гьабураб тIоцебесеб документ – ригьин гьабиялъул свидетельство, кьуна гIолохъанаб хъизан ТIиновазухъе.

Байрамалъул кIваралъулги бицун, гIолохъанаб хъизаналъе талихI-рохелги гьарун, гьезие нух битIиялъул кIалъай гьабуна районалъул лъай кьеялъул ва культураялъул начальник Шамил МустIапаевас.

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

# Барки




**ХIурматияв Сергей Алимович!**

ЧIарада районалъул тIолабго жамагIаталъул ва дирго рахъалдаса баркула Дуда гьавураб къо! ГIемерал соназул хIалбихьиялдалъун, батIи-батIиял рахъаллъаялдалъун, профессионализмалдалъун духъа бажарулеб буго ракIичIун тIуразаризе чIахIиял масъалаби нилъерго регион цебетIезабиялъе, гIуцIулел руго цIиял промышленниял комплексал, социалиялгун экономикиял программаби церетIезариялъе хIалтIизарулел руго инвестициял. Гьелъ хIисаб тун борхизабулеб буго дагъистаниязул рес буголъи ва санагIалъи.

Гьарула Дуе щулияб сахлъи, хъизамазе паракъалъи, хинлъи ва битIккей.

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер М. ГI. МУХIАМАДОВ*

# Поэтасул 100 сон тIубаялде

2023 соналъул 8 сентябралда 100 сон тIубана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатович ХIамзатов гьавуралдаса. Гьев вукIана публицистги, прозаикги, переводчикги, цIар рагIарав жамгIияв ва политикияв хIаракатчиги.

Гьесул къалмикьа ана анцI-анцI магIна гьваридал кучIдул магIарул ва гIурус мацIалда, гьез бечелъизабуна халкъазул ва дунялалъул культура. Гьес хьвана кIвар цIикIкIарал поэмабиги, сонеталги, посланиялги.



ХIамзатовас хьварал кучIдул хехго сверулаан хитазде. Хвел гьечIеб гимнлъун лъугьана «Журавли», гьеб ккола КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ракIалде щвеялъе символлъун (гIаламатлъун).

ЧIарада районалъул лъималазул библиотекаялъул хIалтIухъабаз, ЦIуриб школалъул социалияй педагог ГIайшат Юсуповалъгун цадахъ 4 классалъул цIалдохъабазе тIобитIана «Поэт аула и планеты» абураб литературияб сордо.

Библиотекаялъул хIалтIухъабаз лъималазул лъай-хьвай гьабуна поэтасул лъимерлъиялъул ва гIолохъанлъиялъул соназулгун, рагьана гьесул творчествоялъул кIвар цIикIкIарал темаби.

Лъималазги жидерго иргаялда рекIехъе цIалана Расул ХIамзатовасул лъикIаб асар гьабулел кучIдул.

# ТIоцересел къояздасаго

***Мун вуссина рокъове, солдат,***
***Риидалил бакъалъ къалъила тIохал,***
***Мун вуссина рокъове, солдат,***
***Вижараб ракьалъухъ цIияб рокьигун.***

ЧIарада районалъул Содаб росулъа МухIамадгIалиев Ислам Ибрагьимовичас Украинаялъул ракьалда унеб СВОялда хъулухъ гьабулеб буго тIоцересел къояздаса нахъего.

Ислам МухIамадгIалиевас тIубазабулеб буго гранатаметчикасул хъулухъ.



Гьев лъукъун вукIана махIалда ва гъажалда яргъил кескал щун. Гьезухъги балагьичIого исламица тIубазабулеб буго ВатIаналда цебе жиндаго тIадаб рагъулаб налъи.

СВОялда хъулухъ гьабулаго Ислам МухIамадгIалиев мустахIикълъун вукIана «За отвагу» медалалъе.

**Ниж чIухIула Россиялъул тIалабал тIуразарулаго СВОялъул ракьалда рагъулел ругел киналго рагъухъабаздаса. ХIурматгун, рокьигун балагьун чIун руго нуж щулияб сахлъигун бергьенлъиги босун ВатIаналде тIадруссиналъухъ.**

# Поэтасул юбилеялде




Дунялалдаго цIар рагIарав поэт Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялъул къоялде ЧIарада районалъул Централияб библиотекаялда гIуцIун рукIана тIахьазул выставкаби: «Он прославил Дагестан», «О нем так много хочется сказать», «Мун вукIана… вуго».




Выставкабазда цере лъун рукIана тIаса рищарал асарал, кучIдузул ва поэмабазул сборникал, Расул ХIамзатовасул гIумруялдаса ракIалде щвеял. Гьесул творчествоялъ аслияб бакI кколеб букIана вижараб ракьалде, эбелалде, руччабазде ва гьудулгьалмагъзабазде бугеб рокьиялъ.

Гьединго библиотекаялде ахIун рукIана ЦIуриб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабиги. Гьез хIеренго рикIкIана цIар рагIарав магIарулазул поэт Расул ХIамзатовасул 100 сонилаб юбилеялде хIадурун рукIарал ва батIи-батIиял тадбиразда цIаларал кучIдул.




# Призывалъулаб комиссиялъул данделъи

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

ккoлин РФялъул закон хвезабилъун ва гьелда рекъон гIадлуги гьабун тамихIалдеги цIазе рукIиналъул.

Районалъул ОМВДялъул начальникас лъазабуна жидер хIалтIухъаби хIадурал ругин кинаб ахIвал-хIалалде кканиги кумек гьабизе.

Хадуб ВУСазул хIалтIухъабазул хIисаб кьеялъухъги гIенеккун, МухIидин МухIамадовас поселениязул бутIрузул пикру буссинабуна рагъулав комиссаргун ва гIадлу-низам цIунулел органазгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабизе ккеялде.

«Гьелдаго цадахъ бокьун буго баян гьабизе призывниказдехун бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабулаго гьезда лъазабизе контракталда рекъон



хъулухъ гьабиялъул бугеб кIвараллъулги. Нижер масъалалъун ккола халкъалъухъе информация щвезаби контрактaлда рекъон хъулухъ гьабизе бокьарав гражданасул ихтияр букIиналъул, ялъуни жиндиего бокьун хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулеб къокъаялде хьвазе. Кин бугониги гьеб буго щивав чиясул жиндирго иш. Кинабго букIине ккола законалъул кьучIалда ва ритIухъго», - ян лъазабуна районалъул бетIерас данделъиялъул хIалтIи лъугIизабулаго.

# КъвакIараб хъизан – къвакIараб пачалихъ



*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

Хадур рукIана чIахIиязда ва лъималазул тIадеги лъай кьеялъул централда тарбия щваразда гьоркьор конкурсал. Гьез рикIкIана Расул ХIамзатовасул халкъиял бахIарзазде гьарурал кучIдул.

Гьезие ва ригьин-цIаялъул суалазда хурхун тIоритIарал викториназул суалазе битIарал жавабал кьуразеги щвана сайгъатал.

ТIобитIараб тадбиралдаса разиго хутIана киналго гIахьаллъарал.

# Рищиял тIоритIана

8 сентябралда сагIат 8-ялда Россиялъул гимналда гьоркь ЧIарада районалда рагьана №1313 рищиязул участок. Гьениб тIоритIана «село





Шалиб» МОялъул депутатазул Собраниялде депутатал рищиялъе тIадеги рищиял.

Рищиязул участок рагьилалде цере районалъул бетIер МухIидин МухIамадов, гьесул заместитель МухIамад ГIумаров ва ЧIарада районалъул ТИКалъул председатель Салман Ярбилов щвана Шалиб росулъе.

УИКялъул председатель Эльмира Маммадаевалъ данделъаразе баян гьабуна рищиял 8-10 сентябралда сагIат 8-ялдаса 20 тIубазегIан лъабго къоялда тIоритIизе рукIиналъул, 3 депутатасул мандатал хисизе ругилан.

Шалиб росдал захIматчагIаз гьаркьал кьеялъе бихьизабун букIана кIиго батIияб къагIида: рищиязул участкаялде гIахьаллъана 5 УИКалъул член. Гьаркьал кьолезул сияхIалда рихьизарун руго 177 чи.




## *ЦIулдаса ХIажи ГIумаровас хъвалеб буго*

### ЛЪИКIАЛ ГIАДАМАЛ РАКIАЛДЕ ЩВЕЗАРИ

МухIамадов ГIабдулмухIамад гьавуна 1940-абилеб соналда ЦIулда росулъ. 1956-абилеб соналда гьес лъугIизабуна Кьорош гьоркьохъеб школа. Гьебго соналда цIализе лъугьана Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникумалде. Хадубго лъугIизабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталъул агрономиялъул факультет, 1980-абилеб соналда росдал магIишаталъул тIалабалда рекъон лъугIизабуна заочно цIалун росдал магIишаталъул экономикияб факультет. Гьеб лъугIун хадув ГIабдулмухIамад хIалтIизе лъугьана МЖСалъул совхозалъул агрономлъун, гьебго соналда вищана ВЛКСМалъул секретарълъун.

1970 соналъ гьев вачана росдал магIишаталъул министерствоялде хIалтIизе, хадув КПССалъул обкомалъул бюроялъул хIукмуялда рекъон витIана Бабаюрталъул ракьалда гIи-боцIи хьихьулеб управлениялде. Гьеб жавабияб хIалтIуде гьираялда хIалтIизе лъугьана гьев. Гьениб лъикIаб хIалтIул хIасилги бихьун гьев витIула ЧIарада районалъул 5 росдадаса гIуцIараб СуметIа Ленинил цIаралда бугеб магIишаталъе нухмалъи гьабизе гьеб колхоз букIана районалдаго нахъе ккараб гьес байбихьана хIалтIуде тIаделъизе. ЦIикIкIараб кIвар кьуна гIи-боцIи, хурухъанлъи цебетIезабиялде, кIвар кьуна гIи-боцIул тайпа лъикIлъизабиялда, гьутаналда рана гIи-боцIуе лъикIал бокьал ва гIадамал жанир чIезе рукъзал. Гьесул жигараб хIалтIул хIасилалда рес щвана колхозчагIазе захIматкъоязухъ щолеб мухь щибаб моцIрул ахиралда кьезе.

1994-2022 соназда хIалтIана росдал магIишаталъул министерствоялда АПКялъул ва госхозалъул отделалъул бетIерав специалистлъун. Гьев ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло мустахIикълъана «Дагъистаналъул росдал магIишаталъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIаралъе ва сайгъатазеги, гьединго академик Мельцевасул медалалъеги ва цогидал шапакъатазеги. ГIабдулмухIамадица жигараб гIахьаллъи гьабулаан росдал магIишаталъул министерствоялъул гIумруялъулъги. Гьев лъикIав инсан нижедаса ватIалъана жиндир гIумруялъул 83 сон бараб заманалда. Алжан кьун арав ватаги.

### ЖАМАГIАТАЛЪУЛ БАРКАЛА

Дагъал церегIан къоязда ЦIулда росдал годекIаниса байбихьун басрияб лъел ицц букIараб бакIалде щвезегIан тIуна къватIазда бетон. ГIарцулаб сурсат тIалаб гьабиялъе цIикIкIараб кIвар кьуна росдал администрациялъ. Гьеб бетон тIеялъе гIоло рачIун рукIана росдал гIолохъаби МахIачхъалаялдаса, Кизилюрталдаса, Алмалоялдаса, Кочубеялдаса, кIиго къоялъ хIалтIана гьел кIвахI тун. Гьединго бетон тIеялъулъ кумек гьабуна каникулазул заманалда росулъе рачIарал ва росулъго рукIарал цIалдохъабазги. Гьебго къоялъ ЦIулда росдал цояб авалалда «Росухъ» бугеб 17 цIаракиязул рукъзабахъе лъим бачиялъе гIоло экскаваторалъ бухъана гIага-шагарго 100 метраялъул манзилалда канал, жанир лъуна шлангал, гIарцулаб сурсат кьуна щибаб цIаракиялъ. Гьеб лъим рукъзабахъе бачиналъе гIоло хIадурун руго кIиго лъим цIунулеб гъуй анцI-анцI тонна жанибе унеб.

Техника тIалаб гьабиялъе кумек гьабуна Гьизилюрталда гIумру гьабулев ШагIалов ГIабдулаца.

ЖамагIаталъе бокьун буго гьоркьоб «ЧIарада» газетаги ккун баркала загьир гьабизе администрациялъе ва гьединго рачIарал гIолохъабазеги.

### НУХАЛ ГIАТIИД ГЬАРУНА

СуметIа росдал администрациялъул центр ккола ЦIулда росу. Хехал рарал цIадаз ЦIулда росулъе унел нухал хвезарун рукIана гвендал хъитIал рахъизарун.

Гьебги хIисабалде босун росдал администрациялъ цIикIкIараб кIвар кьуна нухал гIатIид гьариялъе, тIалаб гьаруна трактор, экскаватор, Камазал.

ГIарцул сурсатазул рахъалъ кумек гьабуна росдал гIадамаз. РакIбацIцIадго хIалтIана водителал, гьезул жигаралдалъун нухал гIатIид гьаруна. Гьездаго цадахъ гьираялда хIалтIана ЦIулда росдал активисталги.

ЖамагIаталъе бокьун буго гьоркьоб «ЧIарада» газетаги ккун ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе росдал администрациялъе ва росдал активистазе.

### ЖАМАГIАТ РАЗИГО ХУТIАНА

Исана риидалил заманалда гIемерал лъикIал хIалтIаби гьаруна ЦIулда росулъ. Гьездаса аслияблъун ккана дагъаб цебе бан лъугIараб гIаммаб хIажатхана ва баня (хIамам). Цебехун гьеб букIана умумазго бараб, росдал годекIаниса дагъаб рикIкIадегIан, цIакъ санагIалъи гьечIеб бакIалда. Нухги гьенибе букIана рортун иналда хIинкъи бугеб. Гьебги хIисабалде босун СуметIа росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIумаровас хIукму гьабуна годекIаналда аскIобегIан цIияб хIажатхана ва хIамам базе. Гьеб хIалтIи дагьалъ халатбахъана устарзаби щоларого рукIиналъ.



Гьале тIубана росуцоязул анищлъун букIараб гьеб мурад. Бан рагIалде бахъана кIиго тIалаялъул киналго санагIалъаби жанир ругеб рукъ.

Гьоркьияб тIалаялда буго бихьиназе ва руччабазе батIабатIаго бараб хIажатхана ва хIамам, тIасиялда – гьабун буго как балеб бакI.

Гьел бакIал раялъе гIарцул сурсатазул рахъалъ кумек гьабуна районалъул администрациялъ.

ЦIулда росдал жамагIаталъ ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго районалъул администрациялъе ва росдал поселениялъул бетIерасе жидер гьабулеб бугеб тIалабалъухъ.

**РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ**




Халкъияв шагIир Лермантовасулги, ХъахIаб росулъа МахIмудилги, халкъазда гьоркьосеб Шамиль имамасулги премиябазул лауреат, гIемерал соназ жиндир мунагьал чураяв дунялалъулго шагIир ва чIарадисезул унго-унгояв гьудул **Расул ХIамзатовгун цадахъ хIалтIарав, ахирисел соназда гьесул кумекчилъун вукIарав МухIамад Насрулаевас хъвараб Расулил хIакъалъулъ ракIалда щвеязул тIехьалдаса** цо-цо бутIабиги ва ХIамзатовасе сайгъат гьабураб кечIги хирияв поэтасул юбилеялъул хIурматалда...

ЧIарадисезда бугеб жиндирго рокьи загьир гьабун, гьадин хъвалеб буго Расулица жиндирго цо кочIолъ.

*ГIагараб ЧIарада, чIагоял чагIи*
*Жеги дагьлъун гьечIин Дагъистаналда, - ян.*

# Расулил цо-цо абиял

Цо нухалда Расулгун гьесул рокъов гIодовчIун вукIана. Къаде гIуж букIана ва Расулил хъизан ПатIимат столалда къадеквен рекъезабулей йикIана. Столалда тIад лъураб пихъиде Расулица кверал регьараб мехалда ПатIиматица гьеса гьикъана: - Расул, щай дуца пихъиде кверал регьулел ругел? – абун.

Гьелъие Расулица гьадинаб жаваб кьуна: - Дун вуго гьитIинго ракъи-къеч бихьарав чи, амма дуда гьеб бихьичIо. Мун гIуна гIорцIараб рокъой, дун гIадинаб мискинаб рокъой гIурайани дуцаги гьединго гьабилаанин.

* * *

Цо нухалда Расул ТIагьир Хрюкскиясул юбилей кIодо гьабулеб бакIалда Фазугун цадахъ вукIана. Фазуе кIалъазе рагIи кьураб мехалда гьелъ цIакъ халатаб кIалъай гьабуна ва ахиралда абуна жинца Хрюкскиясул байрамалда гIахьаллъаралщиназда къвал балеб бугилан.

Гьеб рагIараб мехалъ Расулица абуна: - Дидаса байбихьун бани, гьеб къвалалъул къимат цIикIкIине буго, -ян.

* * *

ЛъикIал гIадамазул хIакъалъулъ бицен ккараб мехалда Расулица абулаан: - Гьел жидерго ракIал Данкоца гIадин цогидазе кьезе хIадурго рукIунилан.

* * *

Цо къоялъ Расулиде ваккизе вачIана гIемераб заманалъ гьесде ваккизе щвечIев гьесул гIагарав чи. Гьес ХIамзатовасда гьикъана сахлъи кин бугебилан.

- ГIагараб заманалда дун хвезе гьечIо, - ян жаваб кьуна гьес гIагарав чиясе.

* * *

Цо чи вукIана Расулие рекIее гIолареб гIамал-хасият бугев. Гьесул букIана «Рекъел» абун цIар лъураб гIуцIи. Гьесулги гьес гIуцIараб гIуцIиялъулги хабар ккангщинахъе Расулица абулаан: - Гьес гьабулеб ракълидаса рагъго бокьилаан дие, - ян.

* * *

Цоги гьединавго чиясул бицен ккедал Расулица абулаан: - Гьесул азарго гIунгутIиги буго, амма цо гIаркьел битIарабги буго, - ян.

* * *

ГIалимзабазул цо данделъиялда Расулица гьадинаб пикру загьир гьабуна:

- Нилъер улкаялда гIелмабазул кандидаталги, докторалги, академикалги гIунги тIокI ругилан, амма гIалимзаби дагьал гурони гьечIилан.

Гьединабго къимат кьолаан гьес хъвадарухъабазеги, членал цIакъго гIемер ругила, хъвадарухъаби цIакъго дагьал гурони гьечIилан.

* * *

ЧIикIасес гьикъана дуе кинаб ЧIикIаб цIикIкIун бокьулеб? – абун. Расул ХIамзатовас жаваб кьуна: - РекIее басрияб ЧIикIаб бокьула, хутIаралъе цIияб бокьула, - ян. Гьелде щвезегIан жиндир баракатги шафагIатги нилъее щваяв СагIид-афандиясул хIакъалъулъ гIемераб хабар ккун букIана.

* * *

Расул ХIамзатовасда цевего лъалев чияс гьоболлъухъ ахIун гьесухъе ун рукIана. Гьоболас нижеда цIакъ лъикIаб дандчIвай гьабуна. Расул ХIамзатов вачIиналдаса гьев цIакъ вохунги вукIана. Гьес гIолохъанаб мехалда жиндирго ккарал лъугьабахъиналги рицана.

Расул ХIамзатов вачIун вукIин рагIун мадугьалзабигицин рачIана гьенире. Ине мех щвараб мехалъ Расул ХIамзатовасул гьоболгьудулас Расулие кIудияб баркалаги загьир гьабулаго гьесда гьикъана: - Расул, мун дицаги дир мадугьалзабазги сваказавунищ?- ан.

Расулица гьоболасеги гьесул рокъор рукIаралщиназеги баркалаги загьир гьабуна ва абуна: - Гьадинаб талихIалъухъ бокьараб тамихI хIехьезе хIадурав вуго дун, - илан.

Гьединаб жаваб рагIигун киналго гIорцIизегIан релъана.

* * *

«Борвихалда» Расул ХIамзатов сах гьавулев вукIана цебегоялдаса гьевги гьесул унтабиги лъикI лъалев гIемерал сонал рарав академикас. Гьесго сах гьарун рукIана жидер мунагьал чураял Расул ХIамзатовасул гьудулзаби: Къайсин Кулиевги, Чингиз Айтматовги, Керимги.

Цо къоялъ академикас кьварун лъазабуна Расул ХIамзатовасухъе раккизе щивниги чи тIаде виччагеян. Гьес абуна гьесухъе рачIарал гьудулзабаз гьев гьекьезавулев вугила ва нахъисеб къоялъ дагьавги цIикIкIун унтулевги вугилан.

Расулида лъана лъица академикасде гIарз бахъарабали. Инсул сахлъи цIуниялъул мурадалда гьесул кIудияй яс Зарема академикасда гьарун буго гьесухъе тIаде чагIи риччагейилан. Цо чанго къоялдаса телефоналъ кIалъан ячIана Заремаги.

Инсуда гьелъ гьикъанин ккола духъе больницаялде гIемерал чагIи рачIунел ругищан.

Гьеб суал рагIарабго Расул ХIамзатовас велъулаго Заремада абуна:

- КъватIисан тIаде чагIи риччалел гьечIо, амма больницаялда жанирги дагьал гьечIо дихъе рачIине бокьарал гIадамалин.

* * *

Цо къватIисел улкабазул цоялде сапаралъ араб бакIалда цояс Расул ХIамзатовасда абун буго дур миллатги гьитIинаб бугин, мацIги мискинаб бугилан.

Расулица гьесие гьадинаб жаваб кьун буго: - Дир миллатги гьитIинаб гьечIо, мацIги мискинаб гьечIо, амма гьеб миллатги лъаларел, гьелъул мацIги лъаларел гIадамал жалго ругин гьитIиналгун мискинал, - абун.

* * *

Расул ХIамзатовасухъе рокъове вачIана цо хъвадарухъан. Гьес бицана пуланав хъвадарухъанас гьекъолеб жо тун бугилан. Гьеб гьедигIан роххизе ккараб лъугьабахъин гурилан абуна Расулица. Щаян гьикъана. Гьес абуна:

- Гьекъолеб мехалда гьев хъвадарухъанас квешал ишалги гьарулароанила гьерсалги рицунароанила.

* * *

Цо нухалда дица Расул ХIамзатовасда гьикъана мун пуланаб бакIалде ине бегьуларищан. Гьес дир суалалъе гьадинаб жаваб кьуна:

- Бегьуларебщинаб гьабулаго ана дир бащадаб гIумру, ва тIадеги жубана: - Кинабго бегьулебщинаб гурони гьабичIони, гьеб мехалда гIумруялъул кеп щибилан.

* * *

БуйнахъскиясулкъотIносан МахIмудихъегун дол соназ маданияталъул министрлъун хIалтIулев вукIарав Юсупов ГIабдулатIипгун дандчIвазе кватIулев вугин живан гIедегIун унев вукIарав Расул ХIамзатовасе саламги кьун аскIове вачIана цо магIарулав. Гьес Расулида гьикъана дун ракIалда вугищ дудаян. ГIедегIарав ХIамзатовас махIнинги ургъичIого, мун кIочараб мех букIинчIо дир, абун жаваб кьуна гьесие.

* * *

Бакал кодоб гьечIеб мехалда, абулеб рагIулги, бицунеб харбилги тIагIам букIунарилан абулаан Расул ХIамзатовас.

* * *

Маялъул байрамазда хадусел къоял рукIана. МагIарулазул Расул ХIамзатовасе бищунго рокьулел кочIохъабазул цояв МухIамадтIамир Синдикъовасухъе гьоболлъухъ ун рукIана. Гьесухъе щведал пашманаб гьаракьалдалъун Расулица абуна: - Жакъа дун цIакъ пашманаб къо буго, - ян.

- Щай Расул, жакъа пашманаб къо букIунеб? – ан гьикъана Синдикъовасги гьенир рукIарал гьудулгьалмагъзабазги.

Гьимизеги гьимун Расул ХIамзатовас абуна: - Дир шоферас гьекъезе жо тун бугилан лъазабуна дида, - ян.

* * *

Сулейман Стальскиясул юбилеялда хурхарал адабияталъулгун маданияталъул къоял тIоритIулел рукIана тIолабго Дагъистаналъул районаздасагун шагьараздаса ва Москваялдаса рачIарал гьалбалги гIахьаллъун гьесул цIар тараб районалда. Гьеб байрамалъул тIоцебесеб бутIаги лъугIун, кIиабилеб бутIа нухда бачине аскIоб рохьги лъимги бугеб майданалда гIодорчIун рукIана. Гьениб иргадал кучIдул ахIулел рукIана батIи-батIиял миллатазул кочIохъабаз. Щиб миллаталъул кочIохъан йикIарай ракIалда гьечIо, кечI ахIун бахьигун Расул ХIамзатовасда аскIоеги ячIун, изнуги гьарун гьелъ абуна: - Гьаб дица дирго мацIалда ахIарал кочIол рагIаби дур руго, - ян.

Гьелъие баркалаги кьун Расул ХIамзатовас тIадеги вахьун столалда тIад лъураб вазаялда жанир рукIарал тIугьдул гьелъие сайгъат гьаруна. Расулида аскIов гIодовчIун вукIарав мунагьал чураяв, ХIукуматалъул бетIерасул заместитель Багьавудиницаги абуна: - КечIги лъикI ахIана, жийгоги берцинай йиго, - ян.

Цо дагьалъ вуцIухIунги чIун, аскIор ругезда рагIуларедухъ Расулица гьесда абуна: - ЦохIого цо цабзазда гурони гIайиб чIвазе жо букIинчIилан.

Багьавудиница абуна жив цабзахъ валагьичIилан.

- ЛъикI ккун буго балагьичIолъи, балагьаравани гьелъул танказул эскадрон гIадал цаби рихьилаан дуда, - ян тIаде жубана Расулица.

Гьеб жаваб рагIун гIемер велъиялъ бакIидаса вортичIого дагьалъ хутIана Багьавудин.

* * *

Расул ХIамзатовасе лъабабилей яс гьаюраб мехалда гьев Москваялда вукIун вуго. Яс гьаюн йикIин гьесда лъазабизе доб заманалда обкомалъул тIоцевесев секретарлъун вукIарав, СССРалдаги Кавказалдаги жиндир къадрукъимат гьабулев, гIемерал соназда Верховный Советалъул Президиумалъул членлъунги депутатлъунги вукIарав ГIабдурахIман Данияловас гьесухъе баркиялъулаб телеграмма битIун буго.

Гьелъие жавабалъулаб телеграмма Расулицаги битIун

*(Хадусеб 5-аб. гьумералда)*

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

*(Байбихьи 4-аб. гьумералда)*

буго: - Кибе балагьун букIараб Дагъистаналъул партиялъулаб организация? – абун.

Гьелъие жаваб Данияловасги гьадинаб кьун буго: - Хьараб гурони бижуларо, - ян.

Гьаб тIадехун бицен гьабураб лъугьа-бахьин чанго батIияб къагIидаялда бицуна, амма Расул ХIамзатовас гьедин бицунеб рагIана дида.

* * *

Дагъистаналъул Госсоветалъул бетIер М-ГI. МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь Питералда тIоритIулел рукIана республикаялъул маданияталъул ва адабияталъул кьоял. Гьел кьоязда тIоритIулаан рикIкIен гIемерал дандчIваял, амма сахлъи гьечIолъиялъе гIоло Расул ХIамзатовас цIакъго кIвар бугезда гуро гIахьаллъи гьабулароан. Цо кьоялъ Расул ХIамзатов ахIана Яковлевас бетIерлъи гьабулеб Питералъул чиновникал жанир хIалтIулеб Смолныялдаги Горный институталдаги тIоритIулел дандчIваязда гIахьаллъизе. Смолныялда букIараб дандчIвай аслиябги букIун Расул ХIамзатовасда цебесеб кьоялъго лъазабун букIана. Яковлевас жинцагоги абун букIун буго цIакъго бокьилаанин Расул нилъеда аскIов вукIинеян. Смолный ниж рещтIараб гостиницаялдаса рикIкIад гьечIониги, гьенире ниж рачине кколеб букIараб машина жиндир заманалда бачIинчIо. Нухда цIакъго гIемерал машинаби рукIиналъ ГАИялъ нухда регIулел рукIаниги, кватIизе чIеларин шоферас Расулги, гьесул гIагарай гIадан Аминатги дунги жаниб рекIараб машина цIакъго гIедегIун бачунеб букIана. Смолныялъул майданалде щолеб бакIалда бугеб кьода аскIоре щолаго, нижеда цебе букIараб машинаялъул шоферасул гIайибалдалъун цебе бугелда тункизе теларилан гIедегIун тормоз къаялъ, шоферасда аскIов рекIун вукIарав Расулил бетIер машинаялъул цIорода къабулеб букIун, нахъа рекIун вукIарав дица гIедегIун дирго квер лъуна цIородаги Расулил ботIродаги гьоркьоб. Гьеб тункиялъ машинаялъул цIорода кьватIелги рехана.

– Я Аллагь! – абун Аминатил хIинкъараб гьаракьги борчIана, сородулаго бичIчIалдаса арав гIадин гьокочиги хутIана. Расулица шоферзабазда гьокочагIиийилан абулаан.

ЦIородаги Расулил ботIродаги гьоркьоб лъун букIараб кверзул килщаздаса дагьабго биги бецIцIана.

Гьеб мехалда Расулица жиндиего хасиятаб кьагIидаялъ щибниги хIал хисизе течIого гьадин абуна: - Насрулаев, дуда ккун букIун батила дир бетIер бекилин. Гьедин хехго бекулеб бетIер гурин гьаб. Гьелъул квавкIиги гучги букIин лъалел чагIи чанги рукIин кIочонге. Дур кверзул килщаздаги хутIила дир бетIер гьединаб букIиналъе нугIлъи гьабулеб автограф. Аллагьасул цIобалъ доб кьоялъ Расулил ботIрое щибниги жагьаллъи ккечIо.

Смолныялда букIараб дандчIвайги лъикIго ана. Гьеб дица кинабго тIехьалдаги хьван буго. Гьаб тIадехун рехсараб ккола гьелдасан цо бутIа.

* * *

Коммунистаз улкаялъе нухмалъи гьабулеб заманалда, СССРалъул Верховный Советалъул председателлъун вукIарав А. Микояница ургадулаб сессиялда байбихьиялде цебе Верховный Советалъул членаздаги депутатаздаги лъазабун буго сахлъи цIуниялъул министерствоялъе бокьун бугин данделъи байбихьиялде цебе щу-щу минуталъул физзарядка гьабизеян. Гьеб предложениялда разияз кверал рорхеян абураб мехалъ киназго кверал рорхун руго. ГIицIго Расул ХIамзатовас лъазабун буго гьеб предложениялда жив рази гьечIеблъи. Гьеб щаян председателас суал кьураб мехалъ Расул ХIамзатовас жаваб кьун буго: - Щибаб кьоялъ сессияздаги совещанияздаги гIахьаллъулез анцI-анцI нухалда квералги рорхулин, хьатги чIвалин, тIадеги рахъулин. Гьеб гурищ унго-унгояб физзарядкаян ХIамзатовас жаваб кьедал, залалда рукIаралщиназ хьат чIван буго.

* * *

Расулие жиндирго цIияб тIехь сайгъат гьабизе хьвадарухьабазул Союзалде вачIун вукIарав даргиязул хьвадарухьан МухIамадрасулица Расул ХIамзатовасда бицана жиндир гьудулас ва мадугьалас лъикIал сонетазул квацIи хьван бугилан, цо-цо гьол цIалараз лъикIаб кьиматги кьолеб бугилан.

Гьесда велъулаго Расул ХIамзатовас гьадин абуна: - Гьес гьел хьван ратила жиндирго хвараб поэзиялъул хабатIа лъезе. Гьел рещцулел чагIиги дида лъала, гьесие кьезе кколеб къарз кьезе кIоларев, щибаб кьоялъ ашбазазда чияхъа къарзалъе гIарацги гьарун гьекъолдулев, яхI-намус биларав «Венокал» хьварасул гьудул вугилан.

Гьев кIиго хIалихьатал МухIамадазул цIарал рехсолел гьечIо. Гьез магIарул адабияталда тарал тохал лъалкIазул хIакъалъулъ тIехьалда гIатIидго бицина.

* * *

Дун Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун вищараб сон букIана доб, - ян бицана Расул ХIамзатовас. - гьениб букIараб ургадулаб данделъиялда дида аскIов гIодов чIана Ворошилов. Гьес дихъе кверги кьун «Здравствуй молодой человек» - ан гIурус мацIалдаги абун, хадусала татар мацIалда гаргадизе лъугьанила. Гьеб букIанила жеги данделъи байбихьизе чамалиго минут хутIараб мех. Татаразул мацIалда жинда кIалъалев цIар рагIарав Ворошиловасда дица абуна: - Дида татар мацI лъаларо, - ян. Гьеб мехалда гьес дида абуна детдомалда гIурав вукIиналъищ дуда дурго рахьдал мацI лъачIого хутIарабан. Гьес кьураб суал рекIее гIечIониги, дица гIодов виччан гьесда бичIчIизабуна дун татарав гуреблъи, Дагъистаналдаса магIарулав вукIин ва дир мацIги батIияб букIин.

КIудияб ригьалъул инсан, СССР тун кьватIивехунги жив лъикIго лъалев Ворошиловасда дунги татарав ватилин татар мацIалда кIалъан ватила дида. Хадув дихьги гIенеккун гьес абуна: - Дида ккун букIана дагъистаниялги татар мацIалда кIалъалел ратилилан.

Ворошиловасулгунги гьесул гIелалъул цогидазулгунги гIемерал лъай-хьваял кканин жиндиран бицунаан мунагьал чураяс.

* * *

Иргадулаб командировкаялъ кьватIисеб пачалихъалде унеб мехалда гIорхьоде щвараб мехалъ киназухьего гIадин таможениказ Расулихьеги кьун буго цIезабизе хасаб анкета. Гьелда тIад хьван ругел суалазе жаваб хьвазе кколеб букIун буго. Расулица кьурал суалазе жаваб битIун хьван батун буго, гIицIго гIелмабазул кандидатищ докторищ абун хьвараб графаялда гьес хьван батун буго ПатIиматиказул гIелмабазул доктор абун. Гьеб гIелму кинаб гIелму кколебан таможенияс жиндаго цадахъ хIалтIулел щиназда цIехон буго. Гьез жидеда лъаларилан абураб мехалъ, малъкъосарав таможеник ун вуго СССРалъул делегациялъул бетIерасухье ва гьесда цIехон буго нужер делегациялъул членлъун кколев ХIамзатовас анкетаялда бугеб графа цIезабулаго хьван буго жив кколин ПатIиматиказул гIелмабазул доктораан. Гьеб щиб гIелму кколебан таккрар гьабун буго таможеникас. Расулги гьесул юморги лъикIго лъалев делегациялъул бетIерас жаваб кьун буго, бугин гьединаб цIакъго кьиматаб гIелмуян.

* * *

Гьанже пенсиялда вугев, жив гIемерал соназ мугIрузул районазде роржунел рукIарал «кукурузник» абун тIокIцIар кьураб самолетазда летчиклъуни, хадув аэропорталъул начальникасул заместительлъуни хIалтIарав Жабирица Расулгун цадахъ Москваялде роржине кколеб самолет кватIулеб букIиналъ, аэропорталда бугеб депутатазул рокъор гIодор чIараб мехалъ бицана гьаб хабар. ГIумаханов Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарлъун хIалтIулеб мехалда ЦКялдаса витIун Дагъистаналъулги гьелъул партийнияб организациялъулгунги лъай-хьвай гьабизе вачIарав Канадаялъул коммунистазул бетIер Коштманилгун ккараб лъугьабахьиналъул. ГIумахановги цIакъго кьиматав Канадаялдаса гьоболги Расул ХIамзатовги роржине кколел рукIун руго Хунзахъе «кукурузникалдаги» рекIун. Гьел Хунзахъе роржине кколеб кьо руччараб букIиналъ самолет боржине изну кьолеб букIун гьечIо. Бащадаб кьо ун буго, амма гьава-бакъ хисун гьечIо. Гьеб чIамучIаб балагьунчIей чIалгIарав Расул ун вуго летчиказухье. Гьес гьезда абун буго, мугIрузул цIумал гьава-бакъалъухъ балагьичIого, бокьараб мехалъ роржунин, нужеда гьорлъги ватилин цIум гIадав воржарухьан кигIан квешаб гьава-бакъ букIаниги. воржине кIолевин.

Расулица гьеб хабар бицун мех иналдего Жабирица абун буго: -Дун воржина нужги рачун изну кьечIониги, - ян.

ХIакъикъаталдаги гьев воржун вуго Хунзахъе кIиго кIудияв хIакимги хвел гьечIев шагIирги рачун. Хунзахъе щведал гьенибги тIад накIкI лъун аэродром бихьулареб хIал батанила. Кин букIаниги Расулие кьураб рагIи хвезе теларилан, Жабирица ккараб ккелилан цIакъго хIинкъи букIаниги самолет рещтIинабун буго. Кремлиялъ Дагъистаналде витIарав цIакъго кIвар бугев хIаким самолет боржине бегьулареб гьава-бакъалъухъ балагьичIого воржиналъул хабар Москваялдеги щун буго. КигIанго Канадаялдаса гьобол гьеб сапаралдаса разиго хутIаниги щиб, хассал идирабаз гьеб хIинкъараб ахIвал-хIалалда воржанилан Жабир туснахъ гьавун вуго.

Гьев туснахъалдасаги тамихIалдасаги хвасар гьавизе гIоло Москваялде цIакъго кIудияв хIакимзабахье ине кканилан бицана Расулица гьеб кьоялъ.

* * *

### ПОМАДАЯЛЪ ХЪВАРАБ АВТОГРАФ

Дагъистаналде командировкаялъ вачIанцинахъе Югалъулаб федералияб округалда вукIарав Президентасул вакил полковник Виктор Германович Казанцев Дагъистаналъул бутIрулгун Расул ХIамзатовасухъе гIемер вачIунаан. Иргадулаб командировкаялда вачIарав Казанцев Госсоветалъул бетIер М-ГI. МухIамадовгун Расулихъе рачIана. Гьезда цадахъ рукIана Верховнияб Советалъул ХIукуматалъулги вакилзаби ва республикаялъул рагъулав комиссар генерал лейтенант ТIинамухIамадовги. Расулида улкаялдаги, Кавказалдаги, Дагъистаналдаги бугеб ахIвал-хIалги бицун хадуб Казанцевас рекIехъе Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кечIги цIалун ХIамзатовасе сайгъат гьабуна рагъулав офицерасулаб форма.

Гьелъухъ Виктор Германовичасе баркалаги кьолаго Расулица абуна жиндир кIиявго вацасги ВатIаналъе гIоло КIудияб ВатIанияб рагъда рухI кьунилан. Дир поэзиялъги солдатазго гIадин ВатIанги, халкъги, эркенлъиги, ритIухълъиги цIунулеб бугинги абун Расулица генералас гIандадерил хьахIаб буртинаги сайгъат гьабуна.

Расулие честги кьун гьесда кьвалги бан генераласги гьадин абуна: - Дица гьаб буртина лъималазул лъималазе васият гьабун телилан, амма гьалда тIад дунялалдаго лъалев шагIирасул автограф гьечIого бегьуларилан.

Буртинаялда тIад автограф хьвазе фломастерал ралагьизе чанго чияс хIалбихьана, кинго гьел щвечIо. Гьеле гьеб мехалъ мунагьал чураяв генерал ТIинамухIамадовасда цадахъ йикIарай гьесул ЦIодорай хьизан ПатIиматица хвасар гьаруна гьеб захIматаб хIалалдаса. Гьелъ жиндирго сумкаялдасаги босун кIутIби релъулеб помада кьуна буртинаялда автограф хьвазе ХIамзатовасухъе.

Гьеб лъикIаб ишалъе гIоло Расулица жиндирго тIехьги Казанцевас званиеги сайгъат гьабизе рагIи кьуна ПатIиматие.

Гьев дица бицен гьабулев Казанцевасда лъикIго лъалаан адабиятги, тарихги. Гьесул адъютантас цо данделъиялда Расулида бицана Казанцевас жинцагоги кучIдулги хьвалилан. ГIумруги гIелмуги лъалев цIакъго гIадатаб чилъун вихьана дида гьев кIудияб чиналъул генерал.

*(Хадусеб 6-аб. гьумералда)*

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

*(Байбихьи 4, 5-аб. гьурмазда)*

Бокьилаан гьесул хIакъалъулъ дир бугеб пикру битIараб батизе.

### ПОЭТ ХIАЛАЙ ВАТАНА ЯГИ ШАГIИРАСУЛ КУМЕК

Расулица бицана, жив СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун вугеб мехалда жиндида тIасан Верховный Советалде гIемерал гIарзал хъвалел рукIанин. Гьел гIарзал киналгоязде гIунтIун Верховный Советалъул секретарлъун хIалтIулев вукIарав Георгадзихъе щолел рукIун руго. Гьев гуржиявги адабиятги маданиятги бокьулев ва гьезул кьиматги гьабулев чи гуревги, живгоги нилъер правительствоялда хIалтIулев вукIарав Арсен Атаевич гIадав кучIдул хъвалев чиги вукIанила.

- Цо иргадулеб сессия бугеб мехалда, ян бицана Расулица, Георгадзеца дун ахIана жиндирго кабинеталъуве. Кабинеталда жиндирго сейфги рагьун, гьениса къватIибе кIиго бицатаб папкаги, Армениялъул коньякалъул шишаги, шоколадулъул плиткаги босун столалда тIад лъуна. Байбихьуда гьес дида рихьизаруна дида тIасан хъварал гIарзабазул папкаби ва гьенир жанир ругел гIарзаби. Хехго гьел рукIаралъурго рекъезаруна.

- НагIана батайги гIарзачагIазе, - янги абун рюмкабахъе коньяк тIун, чIахъаги поэзия! - янги абун жиндирго рюмка диралда данд тункун тIерхьинабуна бихьинаб хIараяс. Гьеб гьекъон бахъингун унго-унгояв артистас гIадин жиндирго кучIдул цIалана ва дунги кIваркьун гIенеккана Верховный Советалъул поэтасухъ. Хадуб гьес бицана дида дие цIаларалги цIаличIелги гьаб папкаялда жанир ругел кучIдул данде гьарун ругила тIехьалъе. ЦIакъго бокьилаанила кигIанго дур заман гьечIониги цIализеги цIалун дурго пикру дида бицине, - ян бицана ХIамзатовас.

### ГРАФ ВА ГИГАНТ

Адабият бокьулел чагIазда лъикIго лъала жиндир мунагьал чураял Расул ХIамзатовасулги ГIумархIажи Шахтамановасулги букIараб гьоркьоблъиялъулги гьудуллъиялъулги.

- Гьеб байбихьана дун СССРалъул хъвадарухъабазул Союзалда цебе рагьараб М. Горькил цIаралда бугеб литературияб институталда Шахтаманов Ломоносовасул цIаралда бугеб университеталъул журналистазул факультеталда цIалулел соназда. - ян бицана Расулица. - Дица доб мехалда гIумру гьабулеб букIана гостиницаялда. Дица гIумру гьабулеб гостиницаги, гьениб букIараб дир комнатаги лъазабун, гьенив нуцIида кIетIезе ГIумархIажи лъугьараб мехалда, этажалда вугев дежурниус абун буго: - Расул къаде кваназе гостиницаялда бугеб столоваялде ана, - ян.

- Дун вугеб столоваяги лъазабун ГIумархIажи гьениве вачIана. Дун гIодов чIараб столалда аскIовеги вачIун гьес салам кьуна ва абуна: - Дун ЧIарада районалдаса ккола. Дие адабиятги бокьула, ЦIадаса ХIамзатидаса байбихьун киналгоязде гIунтIун магIарулазул хъвадарухъабазул асаралги дица цIалана. Дур асаралги дида лъикIго лъала. Школалда цIалулел соназдаса байбихьун дица кучIдулги хъвала, амма дие бищунго хириял шагIирзаби МахIмудги Лермонтовги ругила. Цадахъ кваназеги кванан ниж ана дир гостиницаялъуб букIараб комнатаялде. Гьениб адабияталъулги, хъвадарухъабазулги, заманаялъулги, цIалулги, гIумруялъулги бицун сордо кватIизегIан хутIана. Дол соназда дие цIакъго бокьулаан Маяковскиясул поэзия. Дица Маяковский бищунго лъикIав ва кIудияв поэт кколин абидал, Шахтамановас абуна, гьесдаса анцIцIул кIудиявги, лъикIавги, унго-унгояв халкъиявги Есенин вугилан. Дидасаги гIумруялъги гьитIинав, жеги цониги тIехь басмаялда бахъичIев чияс, магIарул мацIалда рахъарал тIахьал рикIкIинчIого, гIурус мацIалда тIехьги бахъарав, Москваялъул аслиял журналазда гIезегIан шигIрабиги рахъулев, Сталинил премияги щварав дир пикру-санги гьабичIого, Шахтаманов къацандизе лъугьиндал, дица гьесда абуна: - Мун щив чи кколев Маяковскиясдаса Есенин лъикIав вугилан абизе ккани, - ян дица абидал, гIолохъанав литератор Шахтамановас гIодов виччан жаваб кьуна: - Дун щив вукIаниги батIалъи щиб, амма дир гьадинаб пикруялдаса дица киданиги инкар гьабиларо, - ян.

Гьелдаса хадур гIезегIан сонал ун хадусала дида бичIчIана Есенин гIурусазул унго-унгояв халкъияв поэт вукIинги, Маяковский гIезегIан гьунар бугев вукIаниги Есениниде гьев вахунаревлъиги.

- Гьеб сонги, гьеб кьоги, Москваялъул гостиницаялда букIараб тIоцебесеб дандчIвайги киданиги кIочон течIо, - ян абуна Расул ХIамзатовас. Амма дица Шахтамановасда Есенинил рахьалъ гьев витIарав вукIиналъул бицана Москваялда Есенинил юбилеялда гьевги дунги гIахьаллъараб сордоялъ.

- Гьеб кватIараб мукIурлъиялдаса пайдаги босун Графас дир чунтбузда лажвар биччанин бицана Гигантас.

### РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСЕ

*Расулил сон, саринал,*
*Расулил къо, къункърараби.*
*Къарнабалъго хутIила,*
*Хвел гьечIел гьесул кучIдул.*
*КунчIила, свина цIваби,*
*Амма Шамилил улка,*
*Эркенаб гьелъул миллат,*
*Тарихалда хутIизе,*
*ТIадмагIарул Шекспирил*
*Гьунаргун жан гIураблъи*
*ГIаламалда лъикI лъала.*
*Расулил сон, саринал,*
*Расулил къо, къункърараби,*
*Къадруяв шагIирасул*
*Къоги, сонги, гIасруги,*
*Баркула киназдаго.*

## Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялде

Муниципалитеталъул бетIер МухIидин МухIамадовасул тIадкъаялдалъун ЧIарада районалъул культуриял гIуцIабазда ва библиотекабазда гурелги районалъул цогидал учреждениязда кIодо гьабуна Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялъул юбилей.

ЦIуриб росдал тIадеги лъималазул лъай кьеялъул централда лъай босараз рекIехъе рикIкIана кучIдул, бихьизабуна «Горянка» поэмаялдаса бутIа, рицана тIадегIанав поэт Расул ХIамзатовасул гIумруялъул ва тарихалъул хIакъалъулъ пикраби.

ЦДОДалъул директор ШугIайнат МухIамадовалъ лъималазе баркала кьуна дунялалдаго цIар рагIарав поэт ва гьесул кучIдул рокьиялъухъ.

Гьединго «Читаем Расула» абураб тадбиралъул гIахьалчагIазе кьуна сертификаталги.

Жавгьарат ХIасанхIусеновалъ бицана жиндиргун дунялалдаго цIар рагIарав поэтасул рукIарал дандчIваязул. Гьей ккола жинцагоги лъикIал, гIадамазул рекIелъ росулел кучIдул хъвалей, гьездаго гьоркьор Расул ХIамзатовасе сайгъатал гьаруралги ругей поэтесса.

«РакIалде щола гьесулгун букIараб щибаб дандчIвай ва гьелдаса чIухIиги бачIуна. Дие талихI ккана гьев вихьизе ва гьесда кIалъазе щвелъ. Гьев вукIана тIадегIанав инсан ва поэт, дунялалдаго цIар ва тIолабго Дагъистан рагIизабурав», - ян абуна гьелъ.



## «МугIрузда кIоченаро»

«Дагъистаналъул халкъазул рахьдал мацI» абураб акциялъул рахъги ккун, ЧIарада районалъул лъималазул тIадеги лъай кьеялъул централда ругьун гьаюрай



Зиннат АхIмадовалъ рекIехъе цIалана Расул ХIамзатовасул «МугIрузда кIоченаро» абураб кечI.

Абизе ккола ШугIайнат ГIумаровалъул нухмалъиялда гьоркь ЦДОДалъул хIалтIухъабаз хасаб кIвар кьолеб буго гIун бачIунеб гIел буссинабизе Дагъистаналъул маданияталдегун адабияталде, магIарул мацIалдегун гIадатаздехун гIолохъанлъиялъул рокьи цIикIкIинабизе.

АППАРАТАЛЪУЛАБ СОВЕЩАНИЕ

# Росдал магIишат цебетIеялда хурхун суалал

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппара-



талъулаб совещание.

Гьелда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал МухIамад ГIумаров ва ХIусен ГIарабиев, районалъул администрациялъул структурниял подразделениязул начальникал ва учреждениязул нухмалъулел.

Совещаниялда гьоркьор лъуна кIвар бугеб суалал, гьездаса цоял ккола халкъияб проекталда рекъон район берцин гьабиялда, налогал ракIариялда, жиндир заманалда рищни-къул баччиялда, «Формирование комфортной городской среды» абураб проекталъул къучIалда хурхун гьарулел ругел хIалтIабазул ва цогидалги.

Районалъул лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул начальник



Шамил МустIапаевас бицана ясли-ахазда группаби гIуцIун лъугIанилан, школазда щуго къоялъулаб хIалтIул анкьгьабулеб бугилан ва районалъул школазул цо-цо цIалдохъабаз ОГЭ цIидаса кьеялъул бугеб ахIвал-хIалалъул.

Росдал магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас баян гьабуна районалъул магIишатазда гьарулел ругел хIалтIабазул. Гьесул рагIабазда рекъон хIадурулеб буго хер, ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго кашаразе ва гIухьбузул рукъзазе, гьединго гIи хасалил мучIдузде гочиналде цебе рагIалде рахъинарулел руго ветеринариял профилактиял тадбирал гьари.

Совещаниялъул хIасилалги гьарун МухIидин МухIамадовас тIадал идарабазе кьуна дандрекъон кколел тIадкъаял, гьел тIуразариялъе заманги бихьизабун.

# Райадминистрациялда данделъи

Райадминистрациялъул иргадулаб аппаратальулаб совещаниялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, отделазул началь-



никаз ва учреждениязул нухмалъулез.

МухIамад ГIумаровас лъазабуна щивав гIахьаллъарас гьабураб хIалтIул, цере чIарал планазул ва рихьизаруна хадурккунисел къоязда тIуразаризе ккарал масъалабиги.

Лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас баян гьабуна классал ва школазда цере ругел интернатал къваригIарабщиналдалъун хьезарун ругилан. 1-4 классазул цIалдохъабазе чIезабун бугин хинаб квен. Гьелдаго цадахъ лъазабуна буго хIажатал тIахьал гIолел ругищали ва гьел школазда гьоркьор рикьиялъул бугеб ахIвал-хIалалъулги.

Росдал магIишаталъул ва экономикияб отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас бицана киналго, гочинабун гIи-боцIи хьихьулел магIишатаз хасалил мучIдузде гьел гочинариялъе гьарулел ругел хIадурлъабазул.

«Цадахъ росулъ тIобитIараб ООО МХП «Чародинское» Советалъул данделъиялда районалъул киналго магIишатазул нухмалъулезе тIадкъай кьун букIана кьиндаде рукIине кколеб къагIидаялда хIадурлъеян, рагIалде рахъинаризе къачIазеги къачIан, рацIцIадги гьарун ва дезинфекцияги гьабун гIи-боцIи толел бокьал, къачIан лъугIизаризе гIи-боцIухъабазул минаби ва гьезие хIалтIиялъе рукIине кколел шартIалги гIуцIизе. Гьенибго хабар ккун букIана хасалоялде гIураб къадаралда харил нахърател букIинабизе ккеялъулги», - ян лъазабуна Къадиевас.

Экономикаялда хурхун кIалъалаго гьес бицана районалъул киналго бюджеталда ругел гIуцIабазда тIобитIараб хал гьабиялъ баянлъараб бухIараб токалъухъ кьезе бугеб гIарцул къадар 490 азарго гьурущалде бахъунеб букIин. Гьелда бан цо-цо гIуцIабазул нухмалъулезе тIадкъай кьун буго сентябралъул ахиралде налъаби рецIун лъугIизаризе, гьелдаго цадахъ бюджеталъул тIадкъай тIубазабизе ккеялъулги.

# Расул ХIамзатовасул 100 сон

Гьанжеялдаса 100 соналъ цеве Хунзахъ районалъул рорхатал мугIрузул ЦIада росулъ гьавуна гьунар тIокIав вас, хадур санал ингун тIолабго дуниялалдаго лъазе вугев тIадегIанав поэт Расул ХIамзатов.

Гьев гьавураб къоялъул хIурматалда ЦIуриб росдал «Радуга» лъималазул ахалъул чIахIиял группабазул тарбиячагIаз тIобитIана поэтасул гьунаралъул бицунеб тадбир. Гьенир гIуцIун рукIана Расул ХIамзатовасул гIумруялда хурхарал суалаздаса викторинаби, лъималаз бихьизабуна жидерго гьунар, ясаз тIубазабуна Расул ХIамзатовасул «Журавли» абураб кечIалда гьоркь кьурди, васазин абуни рикIкIана гьесул кучIдул.

Ахиралда лъималаз ахIана магIарул мацIалда Расул ХIамзатовасул кучIдул.

Гьедин ясли-ахалъул тарбиячагIаз кIвар кьолеб буго кIудияв поэт Расул ХIамзатов ва гьесул кучIдул лъималазул рекIелъ цIунун хутIиялъе.



# Москваялда фестиваль




Москваялда хас гьабун рагьана «Дир Дагъистан. Нижер Расул» абураб фестиваль.

Тадбир тIобитIана М.И. Рудоминосул цIаралда бугеб ТIолгороссиялъул пачалихъияб къватIисел пачалихъазул адабияталъул библиотекаялда. Гьеб рагьулаго гIахьаллъи гьабуна Сергей Меликовас. Фестивалалъ лъай-хъвай гьабизе буго Расул ХIамзатовасул творчествоялъулгун ва Дагъистаналъул культураялъулгун. Фестивалалъул гьалбазе хIадурун буго «Дир Дагъистан» абураб выставка, гьенир гьоркьоре уна:

- халкъиял художественниял промыслаби;
- халичаби рессиялъул мастер-класс;
- гIадатиял музыкалиял алатал, миллияб ретIел, рукъалъул цебегосеб къайи;
- гьанжесеб хIакъикъияб ювелиразул ва рагъулал искусствобазул къайи;
- махх къабун къачIараб цIулал къайи, балхаразул шагIил тIагIелаби, халичаби.

Фольклоралъул коллективаз тадбиралде рачIаразда дандчIвай гьабулеб букIана халкъиял музыкалиял тIагIелазда рачунел бакъназда гьоркь гьарулел къурдабаздалъун, кванил миллиял нигIматаздалъун.

Тадбир гIуцIун букIана РФялъул Президентасда цебе бугеб ДРялъул Кидагосеб Представительствоялъ. Гьеб халат бахъине буго 5 октябралде щвезегIан.

# Рамазанил мазгарул медаль



15-17 сентябралда Наро-Фоминск шагьаралда тIоби-тIана 24 сонаде рахьинегIан гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Росси-ялъул Первенство.

Нилъер ракьцояв ЦIуриб росулъа Рамазан Мурадов гьел къецазда вахъана мазга-рул призерлъун.

Бокьун буго Рамазанида баркизе лъикIаб хIасил ва гьаризе жеги тIадегIанал бер-гьенлъаби ва щулияб сахлъи.

# В Дагестане идет набор в добровольческое формирование «Каспий»




В добровольческое формирование принимаются граждане от 18 до 65 лет. Контракт можно заключить на срок от 6 до 12 месяцев. Граждане, не находящиеся на военной службе, изъявившие желание поступить в добровольческое формирование, подают следующие документы в военные комиссариаты:

– заявление;

– документ, удостоверяющий личность;

– копии документов, подтверждающих уровень образования;

– заполненную и подписанную анкету;

– собственноручно написанную автобиографию;

– копии свидетельств о браке и о рождении детей (при наличии);

– фотографии 3×4 см – 2 шт.

Суммы выплат для добровольцев не меньше, чем у контрактников и мобилизованных, занимающих аналогичныевоинскиедолжности.

Минимальные выплаты рядовым солдатам составляют 195 тысяч рублей, командирам взвода – от 225 тысяч рублей, а командирам батальонов – от 245 тысяч рублей.

С ноября 2022 года на добровольцев стали распространяться те же льготы и привилегии, что и на военнослужащих.

# Нужее баяналъе

**Щвана жанир чIезе рукъалъул сертификат ва лъалеб гьечIо щиб гьелда гьабилебали?**

**Сертификат щун хадуса хал гьабила гьезул тартиб (алгоритм) цIуниялъул.**

1. ГIумру гьабиялъе рукъ тIаса бищи. Гьеб букIине бегьула квартира, гIумру гьабулеб рукъ, ялъуни гIумру гьабулеб рукъалъул цо бутIа.

ГIумру гьабулеб рукъ букIине ккола законалъул тIалабазда данде ккoлеб, гьединго гьеб букIине бегьуларо бихун иналда хIинкъи бугеб реестралда.

2. Босизе ккола справка муниципалияб гIуцIиялъул администрациялдаса гьеб рукъ бихун унеб хIалалда гьечIин абураб, гьединго босизе ккола копия гьеб хIалтIизабизе ихтияр кьураб бугилан.

3. БукIине ккола бичун босиялъул кьотIи-кьай (договор).

4. ЕГРНалдаса босизе ккола выписка гьеб рукъ жинца босулеcда тIад хьван бугилан.

5. Тасдикъ гьабизе ккола бичун-босиялъул кьотIи-кьаялъул копия ва ЕГРНалъул выписка.

6. Паспортгун цадахъ бичун-босиялъул кьотIи-кьаялъул ва ЕГРНалъул копиябигун сертификатгун, гьеб хIалтIизабиялъе кьураб ихтияргун ине ккола минстроялде гIарац рехиялъул гIарза цIезелъун.

Жеги ричIчIуларел суалал хутIун ратани ахIизе бегьула гьаб номералде: **89882122336.**




# Райбольница къойидаса къойиде цIилъулеб буго

7-абилеб сентябралда дун щвана райбольницаялде иргадулаб профилактикияб лечение гьабизе. БитIахъе лъалареб куцалда хисун буго больницаялъул гьумер. Гьениб бугеб рацIцIалъи ва гIадлу-низам, тIаде рачIаразул ракI бохулеб ахIвал-хIалалда буго.

ТIадеги бан къачIан буго терапиялъул отделениялда цойги кабинет. Гьений отделениялъул заведующаялъун хIалтIулей йиго МухIамадова Асият Шапиевна. Гьей щибаб къоялъ радалго обход гьабизе ячIунаан сестрагун цадахъ нижер палатаялде обход гьабизе. Гьелъ гIодое йиччан, адабалда кIалъай гьабун борцулаан нижер давление. Врачазул гьединаб хIурматияб кIалъаялъ унтаразул ракIал рохизарула. Йохун тайги гьей хадубккунги жиндир тIадегIанаб профессионалияб врачалъул махщелалъ унтарал сах гьаризе.

Жеги больницаялда тIоцебесеб этажалда тIаде бан цIидаса къачIан буго унтарал кваналеб столовая, бихьинал ва руччаби батIа-батIаго кваназе бегьулеб хIалалъ.

Больницаялъул азбаралда дида данде чIвана ЦРБялъул бетIерав тохтур Рамазанов Къурбан МухIамадович. Гьесда дица баркана гьоркьоса кьотIи гьечIого больница цIигьабун къачIалеб букIин. Гьес дида бихьизабуна цойги поликлиникаялъул квегIаб рахьалда тIаде балеб бакI цо чанго кабинеталъе. Гьенир хIалтIулел рукIана устарзаби.

Сайлъи кьейги райбольницаялъул нухмалъулев Рамазанов Къурбан МухIамадовичасе. Гьев вуго тIадегIанаб махщел ва лъай бугев, инсанасул гIумру ва яшав лъикI гьабиялъе гIоло кIвахI тун хIалтIулев чи.

*МухIамад ГIИСАЕВ,*
*Мугурухъ росу*

# Авар кицаби ва абиял

- Арас таниги, тарас кквела.
- Ах таниги – цо хIакъ, кIоркIона кваниги – цо хIакъ.
- Ах цIехоге, цIибил кванай.
- АхIмакъ анищаз бечелъула.
- Ахир гьечIеб авал букIунаро, хиси гьечIеб балъ букIунаро.
- АхIараб бакIалде инчIони – я барщунилан кколеб, я хIинкъунилан кколеб.
- АхIарасул къватIиб, тIупарасул рокъоб. АхIи басра гьабуге.
- АхIичIого бачIараб гьойде ракьа чухIичIого рехула.
- АхIичIого вачIарав гьобол вачIаравго нухалъ уна.
- АхIун биччаге, вахчун кванаге.
- Бавудаса гуребила оц лъалеб бугьудасайила.
- Багьарараб гIусалъе дару – бахьи.
- Багьарараб хIатIида хIатI рекIуна.
- Багьарараб кверала квасул нухи къала.
- Багьа гьечIеб гьанал гьагIу лъикIаб букIунаро.
- Багьана батизе бигьаяб жо.
- Багьана гьечIого барщарав, мухь кьечIого рекъола.
- Багьаралда лъимараб бани, лъеберго къо тIокIаб бала.
- Бадиве веццуге, нахъасан какуге.
- Баккудаса хинлъичIеб бакъалъ, нахъа хинлъуларо.
- Бакъ агиян къулун, къо агиян ворхун.
- Бакъ бокьарал ракьанда, рокьи ккарал рагIалда.
- Бакъалда хинлъун букIунеблъи халкьалдаги лъала.
- Бакъан лъикIаб буго, цIалулеб жоги лъикIаб батани.
- Бакъ-моцI тIерхьараб мехалъ цIваби раккула.
- Бакъидал бацIица жиндирго тIинчI хIурулъ квакун кванала.
- Бакълъухъа оц босе, Аргъваниса куй босе.
- Бакъуца бухIун хадуб лъалъан хур бачIунаро.
- Балагь букIуна бачIарабги бачарабги.
- Балагь бачIиндал гьудул рехун тоге.
- Балагьана, батана; Букарана, хъасана.

ЧIАРАДА
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахханат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 16 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*